



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 55 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
RÈGLEMAN OPYOYID YO BAY POU SIPÒTE SÈVIS ADIKSYON YO ATRAVÈ ETA
NEW YORK**

Finansman yo bay nan dezyèm ane Finansman Règleman an atravè [Fon Règleman Opyoyid](#) Eta New York la

Lòt 9.5 milyon dola ki disponib pou founisè tretman yo pou yo elaji aksè nan swen pou pasyan ekstèn ak medikaman pou trete pwoblèm itilizasyon opyoyid

OASAS pral kreye Leadership Institute nan tout Eta a pou sipòte mendèv sèvis pou adiksyon yo

5 milyon dola nan estaj peye nan kad efò devlopman mendèv yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 55 milyon dola yo bay ak yon lòt 20 milyon dola nan opòtinite apwovizyonman ki te disponib atravè [Fon Règleman Opyoyid](#) Eta New York pou sipòte yon seri sèvis adiksyon atravè Eta New York. Finansman sa a baze sou efò kontinyèl pou distribiye plizyè milyon dola yo akòde atravè yon seri akò avèk fabrikasyon ak distribitè opyoyid, epi abòde enpak epidemi opyoyid ak ovèdòz nan tout Eta New York. Gen plis finansman ki disponib tou pou de inisyativ separe pou ogmante aksè a tretman pou adiksyon, epi sipòte mendèv pou adiksyon an.

"Eta New York ap ouvri wout la nan jwenn fon règleman yo bay founisè yo ak kominote yo ki te afekte akòz kriz opyoyid ak ovèdòz pou yo ka kontinye travay yo pou sove lavi," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou pral kontinye kenbe moun yo ki responsab kriz sa a responsab, epi asire w ke chak dola nan règleman sa yo itilize pou ede moun ki te afekte yo."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Nan travay nan tèt kole ak Konsèy Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, nou te mete disponib plis pase 300 milyon dola pou yon pakèt inisyativ prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon. Finansman sa a ap sipòte tout sèvis adiksyon yo, epi li pèmèt nou elaji èd ak sipò pou sove lavi nou pou asire tout Nouyòkè yo kapab jwenn sèvis ak resous yo bezwen yo."

Komisè Depatman Sante a, Doktè James McDonald, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, nou kapab ekipe founisè nou yo ak zouti yo bezwen pou sove lavi chak jou. Fon règleman opyoyid la enpòtan anpil pou efò sa yo. Lè nou kenbe fabrikan ak distribitè opyoyid yo responsab, nou kapab rive atenn plis Nouyòkè ki bezwen sipò, sa k ap pèmèt yo kontinye jwenn aksè nan sèvis rediksyon domaj, tretman, ak mwayen pou jwenn sèvis sa yo poukont yo."

Inisyativ yo jwenn sipò atravè 55 milyon dola nan finansman konsa:

Transpò ki Pa Medikal

Finansman yo bay atravè inisyativ sa a pral ede founisè yo devlope yon pwogram transpò pou moun ki enskri nan oswa k ap chèche tretman, prevansyon, rekiperasyon, oswa sèvis rediksyon domaj pou yon pwoblèm itilizasyon sibstans.

Inisyativ sa a pral ede moun yo nan ba yo transpò pou ale ak soti nan plizyè destinasyon ki sipòte efò ak objektif rekiperasyon endividyèl yo. Anplis de sa, inisyativ sa a pral ede moun nan devlope pwòp plan transpò li pou ankouraje endepandans alontèm nan transpò. Finansman yo akòde atravè inisyativ sa a pral finanse pwolongasyon yon ane nan kontra aktyèl yo.

Rezo Rejyonal Entèkansyon pou Opyoyid nan Eta (State Opioid Response, SOR) a endike benefisyè yo anba a. Chak benefisyè ap resevwa 240,000 dola nan inisyativ sa a.

Brooklyn

- Advanced Health Network, Inc.

Kapital

- Capital Behavioral Health Collaborative

Sant

- Helio Health, Inc.

Citywide

- Coordinated Behavioral Care Inc.

Coordinated Behavioral Health

- Coordinated Behavioral Health Services IPA

Finger Lakes

- Finger Lakes Area Counseling and Recovery Agency, Inc.

Long Island

- Advanced Health Network, Inc.

Mohawk Valley

- Addiction Center Broome County, Inc.

North Country

- Seaway Valley Council for Alcohol/Substance Abuse Prevention, Inc.

Value Network (Lwès)

- Save the Michaels of the World, Inc.

Rezo Swen Entegre nan Nò New York

- CASA-Trinity, Inc.

Queens

- Elmcot Youth & Adult Activities, Inc.

Sant Kominotè pou Rekiperasyon ak Sansibilizasyon

Yo bay yon lòt 6 milyon dola pou tout Sant Kominotè pou Rekiperasyon ak Sansibilizasyon OASAS pou amelyore ak elaji sèvis sipò pou rekiperasyon yo. Sa a se yon pwolongasyon finansman ki egziste deja ki te disponib ane pase a pou pote bidjè anyèl tout sant rekiperasyon yo a 535,000 dola.

Finansman sa a ka itilize pou plizyè rezon, tankou anplwaye, amelyore enfrastrikti ak teknoloji, ekipman, fòmasyon ak ti renovasyon.

Inisyativ ki gen Enpak Lokal Faz 1 ak 2

Inisyativ sa a bay finansman pou ti òganizasyon ki san bi likratif yo resevwa jiska 9,500 dola pou sipòte travay kominotè yo. Founisè ki elijib yo se ti òganizasyon san bi likratif ki gen revni mwens pase 750,000 dola chak ane. An total, gen 34 benefisyè (18 nan premye faz ak 16 nan dezyèm faz) ki te resevwa 322,075 dola an total.

Rediksyon Rejyonal

Plis pase 46 milyon dola nan afektasyon OSF 2024 yo te peye bay minisipalite ak gouvènman lokal yo dapre kondisyon akò règleman yo. Itilizasyon lajan sa yo depann de antite a epi gide pa dokiman itilizasyon ki otorize yo dapre akò règleman yo, ki disponib pou nou tcheke sou [sitwèb OASAS](#). Ane pase a, yo te bay minisipalite yo plis pase 64 milyon dola atravè fon rejyonal rediksyon OSF 2023 a.

Lòt akizisyon ak opòtinite aplikasyon ki disponib kounye a atravè OASAS yo enkli:

Pwogram Tretman Entegral pou Pasyan Ekstèn yo - RFA

Pou sipòte pwolongasyon tretman atravè Eta New York, OASAS te pibliye yon [demann pou aplikasyon](#) (Request for Applications, RFA) pou 9.5 milyon dola pou finanse nouvo Pwogram Tretman Entegral pou Pasyan Ekstèn yo. Pwogram yo bay plis opòtinite pou jwenn aksè ak sèvis tretman konplè ki santre sou moun, ki gen ladan tretman avèk medikaman pou maladi ki lye ak itilizasyon opyojid nan eta a.

Pwogram k ap resevwa finansman sa a pral jere yon pwogram tretman pou pasyan ekstèn ak yon pwogram tretman opyoyid (opioid treatment program, OTP) nan menm sit la.

Leadership Institute - RFP

OASAS ap bay tou yon [demann pou pwopozisyon](#) (Request for Proposals, RFP) pou etabli yon nouvo pwogram devlopman pwofesyonèl konplè, ki pral ede moun yo nan yon pakou jesyon nan espas travay nan sistèm swen OASAS la.

Objektif la se pou ekipe patisipan yo ak zouti ki nesèsè yo pou yo vin manadjè efikas ki ka sipòte ekip yo, kontinye kwasans ak devlopman pwofesyonèl yo, epi bay sèvis prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak rekiperasyon pou pwoblèm itilizasyon sibstans.

Pwogram Estaj Peye

Pou plis sipòte mendèv sèvis pou adiksyon yo, nou te mete 5 milyon dola yo disponib pou inivèsite ak pwogram fòmasyon kominotè atravè eta a pou ofri estaj peye ak plasman sou teren pou elèv ki konplete pwogram Konseye Alkolis ak Abi Sibstans ki Kalifye yo (Credentialed Alcoholism and Substance Abuse Counselor, CASAC), Pwofesyonèl Prevansyon Sètifye (Certified Prevention Professional, CPP) oswa Defansè Omològ sou Rekiperasyon Sètifye (Certified Recovery Peer Advocate, CRPA), swa kòm yon pwogram sètifika otonòm oswa nan konbinezon ak yon Diplòm Asosye ak Metriz nan Travay Sosyal (Masters in Social Work, MSW).

Inisyativ sa a pral pèmèt OASAS rekrite plis elèv pou fè estaj yo ak plasman sou teren yo nan anviwònman travay OASAS, sa ki pèmèt anplwayè OASAS yo gen yon seri moun ki gen kalifikasyon yo ka rekrite yon fwa yo gradye nan pwogram diplòm lisans oswa sètifika yo.

Inivèsite ak òganizasyon kominotè ki nan lis anba a ap resevwa finansman atravè inisyativ sa a.

Metriz nan Travay Sosyal ak Pwogram Sètifika CASAC

- SUNY Stony Brook University

Lisans Asosye (2 an) ak Pwogram Sètifika CASAC

- CUNY Kingsborough Community College
- SUNY Adirondack Community College
- SUNY Broome Community College
- SUNY Clinton Community College
- SUNY Corning Community College
- SUNY Erie Community College
- SUNY Fulton-Montgomery Community College
- SUNY Hudson Valley Community College

- SUNY Jamestown Community College
- SUNY Monroe Community College
- SUNY North Country Community College
- SUNY Suffolk County Community College
- SUNY Sullivan County Community College
- SUNY Tompkins Cortland Community College
- SUNY Westchester Community College

Pwogram Kominotè CASAC, CPP oswa CRPA

- Exponents Center for Personal & Professional Development
- Farnham Family Services
- Friends of Recovery - New York
- Helio Health Inc
- Outreach Training Institute
- Samaritan Daytop Village Training Institute
- St. Joseph's Rehabilitation Center, Inc.
- The Addictions Care Center of Albany

Eta New York ap resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikan opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm 2022, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz eksèsif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè nan sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta New York la sipèvize youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimye ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entènè ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418